आकाशवाणी, गोरखपुर

दिनांक–16 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय में संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा भरोसा दिहले हइनि कि देस में ईंधन क कउनों संकट नाही बा। उहां के आजु नई दिल्ली में कहलीं कि हम्मन क पेट्रोल पम्प सामान्य तरीका से काम कइ रहल हवें।

*पर्याप्त मात्रा में क्रूड अवेलेबल है। सभी रिफाइनरीज हाइयेस्ट कैपासिटी में ऑपरेट कर रही हैं। हमारे पेट्रोल पम्प्स नार्मल ऑपरेट कर रहे हैं। कहीं कोई ड्राई आउट रिपोर्टेड नहीं है। नेचुरल गैस हंड्रेड पर्सेंट सप्लाई टू सीएनजी एंड पीएनजी कस्टमर, सीएनजी फॉर वीकल्स।*

**********

नागर विमानन मंत्री के० राममोहन नायडू कहले हवें कि पश्चिम एशिया में संघर्ष के बिच्चे दुइ लाख ओन्हइस हजार से बेसी लोगि भारत आइल हवें। राज्यसभा में एगो पूरक सवाल के जबाब में श्री नायडू कहलें कि उड़ानन के सुरक्षित चलावल सर्वोच्च प्राथमिकता हौ आ जब–जब हवाई क्षेत्र उपलब्ध भइल तब–तब उड़ान संचालित कइल गइल।

**********

केन्द्र सरकार, स्टैंड–अप इंडिया योजना के नया संस्करण क सुरूआति करी। एहसे देस में अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनताति आ महिला उद्यमियन के ढेरे लाभ मिली। लोकसभा में आजु प्रस्नकाल के दौरान एगो पूरक सवाल के जबाब में वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन बतवलिनि कि अपरैल–दुइ हजार सोरह में सुरू भइल स्टैंड–अप इण्डिया योजना पछिला बरिस मार्च में पूरा हो गइल। उहां के बतवलीं कि येह योजना क नीति आयोग आ अउरियो विभाग अध्ययन कइले हवें आ लाभार्थियन के बेसी लाभी देवे बदे एके फेर से तइयार कइल जा रहल बा।

*जब प्रधानमंत्री ने स्टार्टअप योजनाओं की शुरूआत की थी तो ये एक नया विचार था पर यह महसूस किया गया कि ये केवल शहरी क्षेत्रों या कुछ ग्रामीण क्षेत्रों तक ही सीमित है और इसमें वास्तविक रूप से अनुसूचित जाति, जनजाति तथा महिलाएं शामिल नहीं हो पा रही हैं इसलिए नया उद्यम शुरू करने के लिए स्टैंड अप इंडिया योजना बैंक की हर शाख के माध्यम से आरंभ की गई और इससे वास्तव में अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति और महिलाओं को लाभ हुआ है।*

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में पीएम आवास योजना शहरी के दुसरका फेरा में नब्बे हजार लाभार्थियन के उनके खाता में अनुदान रासि भेजलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री लाभार्थियन से बातोचीत कइलें।

**********

भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण वित्तीय बरिस दुइ हजार छब्बीस–सत्ताइस बदे फास्टैग के सलाना पास क लागू सुल्क पचहत्तर रूपिया बढ़ा के तीनि हजार पचहत्तर रूपिया कइले क घोसणा कइले हौ। बढ़ल सुल्क पहिला अपरैल से लागू होई। ई पास वैध फास्टैग वाला सज्जो गैर–व्यावसायिक गाड़ियन बदे लागू बा।

**********

वाराणसी में विकसित भारत जी–राम–जी योजना के अउरियो बेसी पारदरसी आ परभावी बनावे बदे ई–केवाईसी प्रक्रिया के अनिवार्य तौर से लागू कइल गइल हौ। योजना क उपायुक्त देवेन्द्र ओझा बतवलें कि जिला में सत्तर फीसदी से बेसी लाभार्थियन के ई–केवाईसी सत्यापन क कार पूरा कइ लिहल गइल बा।

**********

मुरादाबाद जिला के मुंढापांडे थान्हा इलाका में मनकरा मोड के लग्गे आजु भिन्नहीं दिल्ली–लखनऊ राजमार्ग पर एगो सड़कि दुरघटना में चारि जने क मउति हो गइल। हादसा में गम्हिराहे घाही एगो अउरियो मनई क इलाज चलि रहल बा। ओइजा क पुलिस अधीक्षक–नगर, कुमार रणविजय सिंह बतवलें कि आजु ई दुरघटना भिन्नहीं छौ बजे तब भइल जब रामपुर से दिल्ली जा रहलि एगो कार बेकाबू हो के आगे चलि रहल ईंटा लादल ट्रैक्टर ट्रॉली से लड़ि गइलि। एगो अउरियो सड़कि दुरघटना में संतकबीरनगर जिला के खलीलाबाद कोतवाली थान्हा इलाका के रसूलाबाद में आजु भिन्नहीं कार सवार दुइ जने क मउति हो गइल ओहीं एगो अउरियो मनई घाही हो गइल। ई हादसा ओह समय भइल जब गोरखपुर से लखनऊ की ओरि जा रहलि एगो तेज रफ्तार डीसीएम बेकाबू हो के दुसरे दिसा से से आ रहलि एगो कार से लड़ि गइल।

**********

अजोध्या क श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट के ओरि से चलि रहल सीता के रसोई में अब भोजन प्रसाद के साथे सरधालुअन के ओआरएस क पैकेटो दीहल जा रहल बा। एगो रिपोर्ट–

*सीता की रसोई के व्यवस्थापक धनंजय पाठक ने कहा कि गर्मी को देखते हुए सीता की रसोई में अब भोजन प्रसाद के साथ ओआरएस का पैकेट भी वितरित किया जा रहा है ताकि दर्शन करने आने वाले भक्तों को डिहाईड्रेशन से बचाया जा सके। सीता की रसोई में श्रद्धालुओं को सुबह सात बजे से रात नौ बजे तक निःशुल्क भोजन प्रसाद उपलब्ध कराया जाता है। यह रसोई श्रीराम मंदिर के निकास मार्ग पर संचालित है। अयोध्या से तन्मय सोनी की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।*

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी जिलन में अजुओ कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ।

**********